

ETA NEW YORK (NEW YORK STATE)
BIWO SÈVIS POU TIMOUN AK FANMI (OFFICE OF CHILDREN AND FAMILY SERVICES)

DEKLARASYON DWA POU TIMOUN AK JÈN NAN FWAYE DAKÈY

Kòm yon timoun oswa jèn nan fwaye dakèy nan Eta New York, mwen gen dwa:

1. Pou mwen viv nan yon kay ki gen sekirite, kote yo pran swen mwen, epi yon kote ki apwopriye pou moun viv, pou mwen rete an sekirite ak pou yo pa abize mwen, kote yo trete mwen ak respè epi kote mwen gen ase manje ak ase rad pou mwen mete. Mwen gen dwa pou yo pa mete twòp limit sou mwen, pou mwen viv tankou mwen lakay mwen kote mwen ka viv an sekirite ak resevwa sèvis.
2. Pou yo trete mwen jis epi ak respè ak pou mwen resevwa swen ak sèvis ki san diskriminasyon baze sou ras, kwayans, koulè, peyi mwen soti, laj, relijyon, sèks, ak si mwen idantifye tèt mwen kòm yon fi oswa gason oswa si mwen aji tankou yon fi oswa gason, oryantasyon seksyèl, eta sivil, andikap fizik oswa mantal, oswa paske mwen nan yon fwaye dakèy.
3. Pou mwen vizite paran natirèl oswa paran adoptif mwen yo, amwenske tribinal la oswa ajans la te detèmine li pa nan pi bon enterè mwen oswa yo te retire dwa paran mwen yo oswa yo te abandone dwa sa yo. Si mwen te gen pwòp pitit mwen pandan mwen nan fwaye a, mwen gen dwa pou mwen viv ak pitit mwen ak pou mwen pran desizyon pou pitit mwen, amwenske tribinal la deside mwen pa kapab.
4. Pou mwen viv avèk frè ak sè mwen yo amwenske tribinal la oswa ajans mwen an te detèmine li pa nan pi bon enterè pa mwen oswa entrè frè ak sè mwen yo, ak pou mwen vizite frè ak sè mwen yo regilyèman si nou pa abite ansanm, amwenske tribinal la oswa yon travayè sosyal te detèmine li pa nan pi bon enterè pa mwen oswa nan enterè frè ak sè mwen yo, oswa yo abite twò lwen pou mwen vizite yo.
5. Pou mwen konnen non ak enfòmasyon pou kontakte travayè sosyal mwen, sipèvizè travayè sosyal mwen, ak avoka mwen (Avoka pou Timoun nan). Mwen gen dwa pou mwen vizite ak travayè sosyal mwen an omwen yon fwa pa mwa, ak pou mwen kontakte travayè sosyal mwen an oswa avoka mwen (Avoka pou Timoun nan) lè mwen bezwen an prive si mwen mande sa ak pou fè travayè sosyal mwen ak/oswa avoka mwen (Avoka pou Timoun nan) reponn lè mwen eseye kontakte li. Mwen gen dwa pou yo kenbe dosye mwen ak enfòmasyon pèsònèl mwen prive ak pou yo bay yo sèlman moun oswa ajans ki gen yon dwa legal pou wè yo.
6. Pou yo pa trete mwen ak mekanste, abize mwen, oswa bay mwen pinisyon ki pa nesèsè, tankou bay mwen kou, tizonnen mwen, fèmen mwen nan yon chanm, separe mwen ak lòt moun pou disiplin mwen, fè mwen travay yon fason ki pa jis oswa refize bay mwen dlo, manje, pa kite mwen dòmi oswa pran kontak ak fanmi mwen pou discipline mwen. Mwen gen dwa pou yo discipline m nan yon fason ki apwopriye pou rezon y ap discipline mwen an, nivo matirite mwen, nivo devlopman mwen, ak pwoblèm medikal mwen. Yo sipoze di mwen poukisa y ap discipline mwen an. Yo pa gen dwa mare mwen pou pinisyon oswa pou rann li pi fasil pou ekip la.
7. Pou mwen gen yon dwa nan desizyon pou objektif pèmanans mwen, tankou, selon laj oswa kapasite mwen, pou mwen patisipe nan rankont Evalyasyon Plan Sèvis (Service Plan Review) ak Odyans Konsènan Pèmanans (Permanency Hearings), pou bay lide pa mwen sou devlopman ak evalyasyon plan sèvis la. Lè mwen gen 14 zan oswa plis, mwen gen dwa pou mwen chwazi de (2) moun nan ekip planifikasyon dosye mwen an, ki pa paran adoptif mwen, manadjè dosye mwen, moun ki planifye dosye mwen, oswa travayè sosyal mwen. Lè mwen gen 14 zan oswa plis, mwen gen dwa tou pou mwen resevwa sèvis ki pral ede mwen vin yon adilt ki an sante epi ki reyisi ak dwa pou resevwa yon kopi rapò kredi konsomatè mwen gratis chak ane jiskaske mwen pa nan fwaye dakèy ankò. Mwen gen dwa pou mwen resevwa asistans pou entèprete ak korije bagay ki pa kòrèk nan rapò sa yo. Nan kèk ka, apre mwen kite fwaye dakèy la, mwen gen dwa pou mwen kontinye pran kontak ak travayè sosyal la epi petèt retounen nan fwaye dakèy.
8. Pou mwen resevwa sèvis swen dan, medikal, swen zye, sante mantal ak konpòtmantal regilyèman, ak pi souvan si sa nesèsè. Mwen gen dwa pou m resevwa konsèy sou planing famiyal ak pou mwen bay konsantman pou swen sante repwodiktif kèlkeswa laj mwen, si doktè mwen oswa lòt pwofesyonèl medikal detèmine mwen ka pran desizyon sa yo.

Aprè mwen gen 18 tan, epi mwen te nan fwaye dakèy pou omwen sis (6) mwa, epi mwen vin responsab tèt mwen, mwen gen yon dwa pou yo bay mwen batistè ameriken mwen, kat sekirite sosyal mwen, enfòmasyon sou asirans sante mwen, dosye medikal mwen ak yon lisans pou kondwi oswa idantifikasyon eta a bay, si mwen kalifye.

9. Pou mwen resevwa yon edikasyon gratis ak apwopriye jiskaske mwen resevwa yon diplòm lekòl segondè oswa yon diplòm Pwogram Edikasyon Endividyalize (Individualized Education Program, IEP). Mwen gen dwa pou mwen mande èd pou aplike nan inivèsite ak pwogram pwofesyonèl ki anndan eta a oswa deyò eta a.
10. Pou patisipe nan aktivite ki apwopriye pou laj mwen ak devlopman mwen, tankou aktivite apre lekòl, aktivite pandan vakans dete, eksperyans travay, pou ale nan oswa pou pa ale nan sèvis relijye pou fwa mwen, ak pou pratike relijyon mwen, si mwen gen youn. Lè mwen omwen 16 zan, mwen gen dwa pou mwen aplike pou lisans chofè mwen. Mwen gen dwa pou mande ak pou resevwa oryantasyon pou jwenn yon travay.

Ak kiyès mwen ta dwe pale si mwen santi yo pa respekte dwa mwen yo?

Ou gen dwa pou pote plent pou nenpòt moun ki pa respekte dwa ou, epi ou pa bezwen pè pou yo pa pini ou paske ou te pote plent la.

Ou kapab:

- Eksplike kisa k ap pase ak travayè sosyal ou, paran ou oswa responsab legal ou epi petèt jij nan dosye tribinal ou a. Ou ka mande pou pale ak travayè sosyal ou an prive.
- Kontakte sipèvizè travayè sosyal ou a epi eksplike li sitiyasyon an. Ou ka mande pou pale avèk sipèvizè travayè sosyal ou a an prive.
- Kontakte avoka ou (Avoka pou Timoun nan). Konvèsasyon ou yo ak avoka ou (Avoka pou Timoun nan) konplètman prive. Avoka ou (Avoka pou Timoun nan) pa ka di okenn lòt moun bagay ou diskite ak li, sof si li gen pèmisyon ou, oswa sekirite ou an danje (pale ak avoka ou sou sa).

MWEN, _____, te resevwa yon kopi Deklarasyon Dwa pou Timoun ak Jèn nan Fwaye Dakèy Eta New York la (New York State Bill of Rights for Children and Youth in Foster Care) epi mwen te diskite li ak travayè sosyal mwen, paran mwen (natirèl oswa adoptif) oswa responsab legal mwen, ak paran adoptif mwen, si sa apwopriye.

Non Timoun / Jèn Moun nan (ekri an lèt detache)	Siyati Timoun / Jèn moun nan	/ / Dat la
Non Travayè Sosyal la (ekri an lèt detache)	Siyati Travayè Sosyal la	/ / Dat la
Non Sipèvizè a (ekri an lèt detache)	Siyati Sipèvizè a	/ / Dat la
Non Paran/Responsab Legal la (ekri an lèt detache)	Siyati Paran/Responsab Legal la	/ / Dat la
Non Paran Adoptif la (ekri an lèt detache)	Siyati Paran Adoptif la	/ / Dat la